MINISTÈ PASTÈ CLÉMENT SALOMON · ETID BIBLIK #14

Legliz la: fanmi Bondye a

Se pa yon bilding — se yon pèp. E gen yon plas pou ou.

Wilner te kite Okap sa gen twa lane. Nan nouvo vil li a, li te travay lannwit nan yon depo, epi lajounen li te fè livrezon. Legliz? Li te gen repons li tou pare: « Mwen gen Bib mwen nan telefòn mwen. Mwen priye nan machin nan. Sa ase pou mwen. »

Epi yon maten fevriye ki te frèt anpil, telefòn li sonnen. Manman l te mouri lakay. Li pa t ka vwayaje. Li pa t menm ka pran yon jou konje.

Aswè sa a, li te chita pou kont li nan apatman an, ak telefòn nan etenn nan men l. Epi yon moun frape pòt la. Se te sè Mirlande, ki soti nan ti legliz li te vizite de fwa a, ak yon chodyè bouyon cho. Twa lòt moun te kanpe dèyè l. Pèsonn pa t preche. Yo te chita avè l. Yo te chante kantik manman l te pi renmen an, tou dousman. Yo te priye. Yo te rete ta.

Lè pòt la fèmen, Wilner sonje yon pawòl grann li te konn di: *« Yon sèl dwèt pa manje kalalou. »*

Aswè sa a, li te kòmanse konprann sa Bib la ap di depi toutan. Bondye pa t janm vle pou yon moun swiv Jezi pou kont li.

Se pa yon bilding. Se yon pèp.

Lè nou di « legliz », pifò nan nou wè mi, ban, ak yon klòch. Men mo Nouvo Testaman an sèvi a vle di yon **asanble** — moun Bondye rele pou yo reyini. Premye fwa Jezi sèvi ak mo sa a, li fèk mande disip li yo kiyès yo di li ye. Pyè reponn: *« Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an »* (Matye 16:16). Epi Jezi di:

> *« E mwen menm, m ap di w sa: ou se Pyè, e se sou wòch sa a m ap bati legliz mwen. Pòt kote mò yo ye a p ap gen pouvwa sou li. »*
>
> **Matye 16:18**

Remake kèk ti mo. **« M ap bati. »** Se Jezi k ap bati. **« Legliz mwen. »** Se pou li legliz la ye — se pa pou yon pastè, ni pou yon fanmi, ni pou yon peyi. E li chita sou yon wòch ki pa ka fann: Kris la li menm. Pòl di sa klè: *« Pèsonn pa ka poze yon lòt fondasyon pase sa ki deja poze a, ki se Jezikri »* (1 Korentyen 3:11).

Yon fanmi kote non w sou tab la

Si w te janm viv lwen lakay ou, ou konnen sa sa vle di lè w se « etranje a » — aksan an, papye yo, jan moun gade w. Kounye a, li sa Bondye di tout moun ki vin jwenn Jezi:

> *« Konsa, nou pa etranje ankò, ni moun ki soti deyò. Nou se sitwayen ansanm ak moun Bondye yo, nou se moun kay Bondye. »*
>
> **Efezyen 2:19**

Moun kay Bondye. Pa envite. Pa vizitè ak yon viza tanporè. Fanmi. E fanmi sa a bati sou yon sèl wòch kwen — *« se Jezikri li menm ki wòch prensipal kwen an »* (Efezyen 2:20). Nan li, moun ki pa t gen anyen an komen tounen frè ak sè.

Yon kò kote chak manm nesesè

Pòl bay yon dezyèm imaj, e grann Wilner t ap renmen l:

> *« Nou menm, nou se kò Kris la, e chak moun se yon manm ladan l. »*
>
> **1 Korentyen 12:27**

Yon kò gen je, men, ak pye. Yo pa menm, e chak grenn nesesè. *« Je a pa ka di men an: Mwen pa bezwen ou »* (1 Korentyen 12:21). Yon sèl dwèt pa manje kalalou — e yon sèl kwayan pa ka tout kò a.

E lè yon manm ap soufri? *« Si yon manm ap soufri, tout manm yo soufri ansanm avè l »* (1 Korentyen 12:26). Se sa yon chodyè bouyon devan yon pòt vle di.

Men kiyès ki dirije kò sa a? Se pa moun ki pale pi fò nan sal la:

> *« Se li menm ki tèt kò a, ki se legliz la. »*
>
> **Kolosyen 1:18**

Li menm — Jezi. Tout dirijan lèzòm se sèvitè sèlman. Tèt la, se Kris la.

Ki jan Jezi renmen legliz la?

Men yon vèsè pou w li dousman:

> *« Kris la te renmen legliz la, e li te bay tèt li pou li. »*
>
> **Efezyen 5:25**

Li pa t renmen l paske li te pafè. Li te bay tèt li pou l *fè l* pwòp — « apa pou Bondye e san repwòch » (Efezyen 5:27). Legliz la te achte « ak pwòp san li » (Travay 20:28).

Sa vle di legliz la se pa yon mize pou moun ki sen. Li pito sanble ak yon dispansè. Se Jezi menm ki di sa: *« Se pa moun ki an sante ki bezwen doktè, se moun ki malad. Mwen pa vin rele moun ki jis, men moun ki fè peche »* (Mak 2:17).

> Petèt se moun legliz ki te blese w. Doulè sa a reyèl, e Bondye pa mande w fè kòmsi li pa egziste. Men tanpri, koute sa: moun ki te blese w yo, se pa t Jezi. Se li ki Tèt la, e li pa t janm sispann renmen w. Yon kè ki blese byenveni nan fanmi li.

Sa premye legliz la te konn fè

Kisa yon legliz fè lè l an sante? Gade premye a, touswit apre Lapannkòt:

> *« Yo te pèsevere nan ansèyman apot yo, nan lakominyon fratènèl, nan kase pen an, ak nan lapriyè. »*
>
> **Travay 2:42**

Kat bagay senp. Yo te **aprann** Pawòl Bondye a. Yo te **pataje lavi** ansanm. Yo te **manje** ansanm. Yo te **priye**. Yo te reyini nan tanp lan ak « nan kay yo… ak kè kontan e ak yon kè senp

» (Travay 2:46). E gade kiyès ki t ap fè l grandi: *« chak jou, Senyè a t ap ajoute nan legliz la moun ki t ap sove yo »* (Travay 2:47). Se pa moun ki te bati l. Se Senyè a.

« Mwen ka priye lakay mwen. » Wi — epi…

Ou ka priye lakay ou. Ou dwe fè sa! Men Bib la di yon bagay anplis:

> *« Ann veye youn sou lòt pou n ankouraje youn lòt nan renmen ak nan bon zèv. Pa kite n abandone reyinyon nou yo, jan kèk moun pran abitid fè. Okontrè, ann ankouraje youn lòt, e plis toujou, paske nou wè jou a ap pwoche. »*
>
> **Ebre 10:24-25**

Nou reyini pou n ka leve youn lòt. Jou lafwa w piti, lafwa frè w la kenbe w. Jou pa l la piti, pa w la kenbe l. E Jezi fè yon pwomès ki vre menm pou pi piti gwoup la: *« Kote de oswa twa moun reyini nan non mwen, mwen la nan mitan yo »* (Matye 18:20).

Yon fanmi ki gen yon misyon

Fanmi sa a pa egziste pou tèt li sèlman. Anvan l tounen nan syèl la, Jezi ba li yon travay:

> *« Ale, fè disip nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, nan non Pitit la ak nan non Sentespri a… E gade, mwen la avèk nou chak jou, jouk sa kaba. »*
>
> **Matye 28:19-20**

Legliz la se mwayen Bondye chwazi pou pote bon nouvèl la nan chak ri ak nan chak lang. E kouman moun ap konnen nou se moun pa l? Se pa ak bilding nou yo. *« Se konsa tout moun ap konnen nou se disip mwen, si nou gen renmen youn pou lòt »* (Jan 13:35).

Yon jou, misyon sa a ap fini. Jan te wè fen istwa a: *« yon gwo foul moun pèsonn pa t ka konte, ki soti nan tout nasyon, tout tribi, tout pèp ak tout lang »*, kanpe devan fòtèy la (Revelasyon 7:9). Tout lang — kreyòl la tou.

Kè mesaj la: ou gen plas ou

Ann di yon bagay klè. Ale legliz pa sove pèsonn. Se Jezi ki sove. *« Se pa gras nou sove, pa mwayen lafwa… se yon kado Bondye bay. Se pa pa zèv »* (Efezyen 2:8-9). Nou pa vin legliz

pou n achte renmen Bondye. Nou vini paske nou deja genyen l — e paske li ban nou youn lòt.

Saba ki te vin apre a, Wilner tounen nan ti legliz sa a. Chante yo pa t pafè. Moun yo non plis. Li menm non plis. Men pou premye fwa depi l te kite lakay, yon moun rele l « frè » — e li te di l ak tout kè l.

Gen yon chèz ak non pa w sou li tou. Si w pa gen yon fanmi legliz, n ap kontan ede w jwenn yon asanble toupre w.

Anvan w fèmen paj sa a — yon kesyon

Èske w ap eseye swiv Jezi pou kont ou? Petèt ou te deplase lwen lakay ou. Petèt yon moun te blese w. Petèt lavi a te vin twò chaje, epi yon Saba tounen yon lane.

Ou pa t fèt pou w pote lafwa w pou kont ou. Sa ta yon onè pou nou priye avè w, etidye Bib la avè w, epi ede w jwenn yon fanmi kwayan kote w ap viv la.

Èske w ta renmen konnen plis sou Jezi, etidye Bib la, oswa ale pi fon sou sijè sa a? Kontakte nou jodi a:

📞 **903-748-9353** · ✉️ **jils19802012@gmail.com**
Oswa kite yon kòmantè, voye yon mesaj dirèk ban nou, epi **abòne + swiv nou** sou YouTube ak Facebook.

Pa manke sa k ap vini an. Aswè anvan lakwa a, Jezi te pare yon tab, li mete ajenou, epi li lave pye zanmi l yo. Poukisa? Pwochen etid nou an: *« Lasentsèn: yon tab ki pare pou ou. »* Abòne kounye a pou l rive jwenn ou lè l soti. Si w tann, w ap oblije vin chèche l. 🔔

PATAJE SA AK YON MOUN K AP ESEYE KWÈ POU KONT LI

TELECHAJMAN GRATIS · KENBE & PATAJE

Fèy pou patisipan an

Legliz la: fanmi Bondye a — vèsyon pòch

5 verite pou sonje

1. Legliz la se pa yon bilding. Se pèp Jezi rasanble a, e se li menm k ap bati l (Matye 16:18).
2. Nan Kris la, nou pa etranje ankò: nou se moun kay Bondye (Efezyen 2:19-20).
3. Legliz la se yon kò: chak manm nesesè, e se Kris la sèl ki Tèt la (1 Korentyen 12:27; Kolosyen 1:18).
4. Jezi te renmen legliz la e li te bay tèt li pou li — se yon kote pou moun ki fè peche e ki bezwen yon Sovè (Efezyen 5:25; Mak 2:17).
5. Nou reyini pou n aprann, pataje, priye, ankouraje youn lòt, epi pote bon nouvèl la bay lemonn (Travay 2:42; Ebre 10:24-25; Matye 28:19-20).

Vèsè pou aprann pa kè

> *« Nou menm, nou se kò Kris la, e chak moun se yon manm ladan l. »*
>
> **1 Korentyen 12:27**

Reflechi & priye

- Lè m tande mo « legliz », ki imaj ki vin nan tèt mwen — e kouman imaj Bib la chanje l?
- Èske gen yon blesi ki kenbe m lwen fanmi Bondye a? Èske m ka pote l bay Jezi jodi a?
- Ki moun toupre m k ap pote yon chay pou kont li — e kisa m ta ka pote devan pòt li semèn sa a?

POU ANSEYAN & TI GWOUP

Fèy pou prezantatè a

- **Louvri ak istwa a** (Wilner ak chodyè bouyon an) — mande: « Kiyès ki te vin kote w nan jou ki te pi di nan lavi w? »
- **Pwen 1 — Yon pèp, pa yon bilding:** Matye 16:15-18; 1 Korentyen 3:11. Se Jezi k ap bati l, se pou li l ye, e se li ki fondasyon an.
- **Pwen 2 — Kay Bondye a:** Efezyen 2:19-22. Pa gen etranje ankò; Kris la se wòch kwen an.
- **Pwen 3 — Yon sèl kò, anpil manm:** 1 Korentyen 12:12-27; Kolosyen 1:18. Chak manm nesesè; lè youn soufri, tout soufri; Kris la se Tèt la.
- **Pwen 4 — Li renmen l jouk sou lakwa:** Efezyen 5:25-27; Travay 20:28; Mak 2:17. Yon dispansè pou pechè, pa yon mize pou moun ki sen. Pale ak dousè ak nenpòt moun ki te blese nan yon legliz.
- **Pwen 5 — Sa yon legliz an sante fè:** Travay 2:41-47. Ansèyman, lakominyon, kase pen, lapriyè — e se Senyè a ki ajoute.
- **Pwen 6 — Poukisa nou reyini:** Ebre 10:24-25; Matye 18:20. Nou bezwen youn lòt jouk Jou a rive.
- **Pwen 7 — Yon fanmi ki gen yon misyon:** Matye 28:19-20; Jan 13:35; Revelasyon 7:9.
- **Fèmti ki santre sou Kris:** Efezyen 2:8-9 — legliz la pa sove; se Jezi ki sove, epi li ban nou yon fanmi.
- **Apèl:** envite chak moun fè yon pa semèn sa a — tounen, rekonsilye, oswa mennen yon moun. Ofri lapriyè, etid biblik, ak èd pou jwenn yon asanble lokal.
- **Fèmen:** vèsè pou aprann pa kè (1 Korentyen 12:27) + anonse pwochen etid la (« Lasentsèn: yon tab ki pare pou ou »).

BAZE SOU PRÈV · VERIFYE

10 mit ak reyalite

Mit	Reyalite (ak Bib la)
1. Legliz la se yon bilding.	« Nou se kò Kris la » (1 Korentyen 12:27); kwayan yo se « wòch vivan… yon kay espirityèl » (1 Pyè 2:5).
2. Legliz la chita sou yon chèf lèzòm.	« Pèsonn pa ka poze yon lòt fondasyon pase sa ki deja poze a, ki se Jezikri » (1 Korentyen 3:11); « se li menm ki tèt kò a, ki se legliz la » (Kolosyen 1:18).
3. Legliz se pou moun ki gen lavi yo ann òd.	« Se pa moun ki an sante ki bezwen doktè, se moun ki malad. Mwen pa vin rele moun ki jis, men moun ki fè peche » (Mak 2:17).
4. Se ale legliz ki sove moun.	« Se pa gras nou sove, pa mwayen lafwa… Se pa pa zèv » (Efezyen 2:8-9); « pa gen lòt non anba syèl la… ki ka sove nou » pase Jezi (Travay 4:12).
5. Mwen ka swiv Jezi byen pwòp pou kont mwen.	« Pa kite n abandone reyinyon nou yo » (Ebre 10:25); « je a pa ka di men an: Mwen pa bezwen ou » (1 Korentyen 12:21).
6. Ministè a se travay pastè a sèlman.	Bondye bay dirijan yo « pou prepare moun Bondye yo pou travay ministè a » (Efezyen 4:11-12); tout kwayan se « yon gwoup prèt k ap sèvi Wa a » (1 Pyè 2:9).
7. Gen manm ki gen plis valè pase lòt.	« Nou tout fè yon sèl nan Jezikri » (Galat 3:28); « nou tout se frè » (Matye 23:8).
8. Yon ti gwoup pa konte.	« Kote de oswa twa moun reyini nan non mwen, mwen la nan mitan yo » (Matye 18:20).
9. Legliz la gen defo, kidonk Jezi lage l.	« Kris la te renmen legliz la, e li te bay tèt li pou li, pou l te ka mete l apa pou Bondye » (Efezyen 5:25-26).
10. Legliz la egziste pou pwòp manm li yo sèlman.	« Ale, fè disip nan tout nasyon » (Matye 28:19); « Se konsa tout moun ap konnen nou se disip mwen, si nou gen renmen youn pou lòt » (Jan 13:35).

Ki kote sa soti (Sous)

Etid sa a bati sou Bib la epi li reflete kwayans Legliz Advantis Setyèm Jou a pibliye. Verifye tout bagay pou tèt ou:

- Bib la — pasaj sou legliz la: Matye 16:15-18; Matye 18:20; Matye 23:8; Matye 28:19-20; Mak 2:17; Jan 13:35; Travay 2:41-47; Travay 4:12; Travay 20:28; 1 Korentyen 3:11; 1 Korentyen 12:12-27; Galat 3:28; Efezyen 2:8-9, 19-22; Efezyen 4:11-12; Efezyen 5:25-27; Kolosyen 1:18; Ebre 10:24-25; 1 Pyè 2:5, 9; Revelasyon 7:9 (vèsè yo tradui fidèlman an kreyòl ayisyen).
- Kwayans fondamantal advantis nimewo 12, « Legliz la » (gade tou nimewo 13 « Rès la ak misyon li » ak nimewo 14 « Inite nan kò Kris la ») — kwayans ofisyèl yo: https://adventist.org/beliefs
- 28 Kwayans Fondamantal yo (edisyon 2020, PDF): https://adventist.org/wp-content/uploads/2020/06/ADV-28Beliefs2020.pdf
- Konferans Jeneral Advantis Setyèm Jou yo: https://gc.adventist.org/
- Ellen G. White, *The Acts of the Apostles / Conquérants pacifiques* (chapit 1, « God's Purpose for His Church »), domèn piblik: https://whiteestate.org/ / https://m.egwwritings.org/
- Lòt etid ki mache ak sa a nan bibliyotèk la: *« Batèm nan: yon konmansman tou nèf »* ak *« Lotèl fanmi an »* — https://pasteurclementsalomon.org/resources.html · Ou gen kesyon? https://pasteurclementsalomon.org/faq.html · Vwayaj lafwa: https://pasteurclementsalomon.org/journey.html

---

Ministè Pastè Clément Salomon — N ap pwoklame Jezi jiskaske Li tounen.
pasteurclementsalomon.org · 903-748-9353 · jils19802012@gmail.com
Konfidansyalite · Kondisyon
Ministè endepandan — li pa afilye ofisyèlman ak Konferans Jeneral Advantis Setyèm Jou yo, ni li pa apwouve pa li. Kontni espirityèl; se pa konsèy medikal, legal oswa finansye pwofesyonèl. Si w nan kriz, tanpri kontakte yon pwofesyonèl kalifye; nan yon ijans rele 911.
Ou ka enprime e pataje etid sa a gratis.
© 2026 Ministère du Pasteur Clément Salomon. Tout dwa rezève. Bay gratis pou itilizasyon pèsonèl ak ministè — tanpri pataje l san chanje l epi avèk kredi; itilizasyon komèsyal oswa revant pa pèmèt. Tèks biblik yo soti nan tradiksyon ki nan domèn piblik; ekri Ellen G. White yo nan domèn piblik.